



BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina bab ieu dipedar ngeunaan métode jeung téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, léngkah-léngkah garapan panalungtikan, sarta populasi jeung sampel.

3.1. Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Tujuan digunakeunana ieu métode sangkan meunang gambaran ngeunaan hasil analisis kecap sipat rajékan dina novel *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono.

Métode déskriptif nya éta métode panalungtikan anu dimaksudkeun pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan status hiji gejala nu aya, nya éta kaayaan gejala anu nurutkeun naon ayana waktu panalungtikan diayakeun, métode déskriptif henteu merlukeun administrasi atawa pengontrolan kana hiji kalakuan.

3.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka jeung analisis data. téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan ku cara macaan sarta neuleuman eusi buku-buku nu aya patalina jeung panalungtikan. Ari analisis digunakeun pikeun

nganalisis bahan atawa data anu geus dikumpulkeun, diteuleuman, dipesék nepi ka kapanggih kecap sipat rajékan dina novel *Galuring Gending*.

3.3. Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tabél data. Cara ngagunakeun tabél data nya éta nyalin sakabéh kecap sipat rajékan kana tabél anu geus disayogikeun. Novel *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono diterbitkeun taun 2001; 336 kaca.

Conto Instrumen:

A	
KSR	: acak-acakan (GG/K83 B15-K268 B15)
Wangun	: acak + RDm + -an
Fungsi	: ajektiva deverbil
Harti	: 'kaayaan' (eksistif)

Pikeun mikanyaho kecap sipat rajékan nu dipaké, diitung ku frékuénsi jeung proséntasina. Carana nya éta jumlah kecap sipat rajékan nu muncul dibagi sakabéh kecap sipat rajékan nu muncul dikali saratus.

$$F = \frac{\sum WSB}{\sum SB} \times 100 \%$$

Keterangan:

F : Frékuénsi.

\sum WSB: Jumlah kecap sipat rajékan nu muncul.

\sum SB : Jumlah sakabéh kecap sipat rajékan nu muncul.

3.4. Nangtukeun Ukuran jeung Sampel

Arikunto (1996 :115) nétélakeun yén populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan. Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kecap sipat rajékan anu aya dina novel *Galuring Gending* karangan Tatang Sumarsono.

Tina populasi ditangtukeun sampel. Sampel nya éta sabagéan atawa wakil populasi nu ditalungtik (Arikunto; 1996 : 117). Dina ieu panalungtikan digunakeun sampel total.

Ku sampel total ieu dipiharep hasil panalungtikan bisa ngawakilan sakabéh populasi sabab sipat répréséntatif éta penting pikeun sarat sampel. Ku ayana sipat répréséntatif, data anu meunang tina sampel dipaké dasar ngaramalkeun populasi, artina kucara ningali data-data sampel anu mangrupa paparan kecap sipat rajékan dina novel *Galuring Gending* baris dipikanyaho hiji kacindekkan anu bisa nunjukkeun kaayaan eusi populasi anu dicokot salaku objék panalungtikan.